ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№201 (23.359) ● 2016 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 15, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

## Япэ зигъэщын хуейщ. КIуэкIуэ Ю. А. иригъэкIуэкIащ хабзэхъумэ, суд органхэм я унафэщIхэм я зэIущIэ



**Дыгъуасэ КIуэкIуэ Ю. А. КъБР-м и Правительствэм и Унэм щригъэкIуэкIащ хабзэхъумэ, суд органхэм я унафэщIхэм я зэIущIэ.**

КъБР-м и Iэтащхьэм къызэхуэсахэр щыгъуазэ ищIащ Террорым пэщIэтынымкIэ лъэпкъ комитетым и унафэщI, Урысейм ШынагъуэншагъэмкIэ и федеральнэ къулыкъущIапIэм и унафэщI Бортников А. В. иджыблагъэ Пятигорск къалэм щригъэкIуэкIа зэIущIэм къыщаIэта Iуэхухэм. Къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщу абы къыщагъэлъэгъуащ Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэм террорым щыпэщIэтыныр, террорым пэщIэтынымкIэ щIыналъэ комитетхэмрэ властым и органхэмрэ щIэпхъаджагъэхэр къэмыгъэхъуным хуэгъэзауэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэр щIэгъэхуэбжьэныр, бандэ гупхэм я дэIэпыкъуэгъухэр къыщIэгъэщыныр, ахэр финанс ахъшэкIэ къызэрызэрагъэпэщ Iэмалхэр къызэпыудыныр.

КIуэкIуэ Юрий къыхигъэщхьэхукIащ хабзэхъумэ органхэмрэ муниципальнэ щIыналъэхэмрэ нэхъ быдэу зэпыщIауэ зэдэлэжьэн, псом хуэмыдэу щIалэгъуалэр террористхэм дамышэхыным ахэр зэщIыгъуу егугъун зэрыхуейр.

IэщэкIэ зэщIэузэда щIэпхъаджащIэхэр къэлъыхъуэным теухуауэ вэсэмахуэ Шэджэм районым щрагъэкIуэкIа Iуэхухэм щытепсэлъыхьым КъБР-м и Iэтащхьэм къигъэлъэгъуащ: «Лэжьыгъэр IэкIуэлъакIуэу къызэрагъэпэщащ. Зэман кIэщIым къриубыдэу бандитхэр къагъуэтащ. Ауэ 2016 гъэм жэпуэгъуэм и 9-м Прохладнэ къалэм щызэхащIыхьа щIэпхъаджагъэм хуэдэ къэмыхъу щIыкIэ япэ зигъэщу бандитхэм я мурадыр къызэпыудын хуейщ. Псоми зэрыфщIэщи, къулыкъум пэрыту абы щыгъуэ яукIащ полицэм и лэжьакIуэхэу Чэрим Альбертрэ Мишков Владимиррэ. Дэ дыхуиткъым бандитхэм я щхьэр къедгъэIэтыжыну, абыхэм щэхурылажьэ гупхэр къызэрагъэпэщыжынымкIэ Iэмал еттыну».

Нэхъ тегъэчыныхьауэ зи гугъу ящIахэм ящыщщ зэпымыуэ сакъыныр, хабзэхъумэ IэнатIэм и лэжьакIуэхэм я зэфIэкIым хэгъэхъуэныр. «Дунейпсо терроризмэм иджыпсту зэхищIыхьхэм къагъэлъагъуэ ди цIыхухэм я шынагъуэншагъэр хъумэнымкIэ Iэмал псори къэгъэсэбэпын зэрыхуейр», - къыхигъэщхьэхукIащ КIуэкIуэ Юрий.

КъБР-м и Iэтащхьэм зэIущIэм хэтахэм я пащхьэ кърищащ УФ-м и Лъэпкъ гвардием и дзэхэм я федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщIу ягъэува, полицэм и полковник Макитов М. Б.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъахэщ КъБР-м и Суд Нэхъыщхьэм и УнафэщI Мер Ю. Хь., Урысейм ШынагъуэншагъэмкIэ и федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI Усов О. Л., УФ-м СледствиемкIэ и комитетым СледствиемкIэ и управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI Iустэ В. Хь., КъБР-м и прокурорым и къуэдзэ Жеккеев А. М. сымэ.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

● КъБР-м и Правительствэм

## ЗэхъуэкIыныгъэхэр щыIэнущ

**КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий зи чэзу зэIущIэр иджыблагъэ иригъэкIуэкIащ.**

ЗЭIУЩIЭМ хэтахэр арэзы техъуащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэрал кадастр уасэр щыгъэувыным и IуэхукIэ» унафэм и проектым. Ар гъэзэщIэныр пщэрылъ щащIащ КъБР-м ЭкономикэзыужьыныгъэмкIэ и министерствэм.

КъБР-м промышленностымрэ сатумкIэ и министр **Гуэбэшы Залымджэрий** тепсэлъыхьащ «ЩIыуэпс газыр мотор гъэсыныпхъэу Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщагъэсэбэпыным зегъэубгъунымкIэ щыIэ правительствэ комиссэм ехьэлIауэ» КъБР-м и Правительствэм и унафэм и проектым. Министрым жиIащ щIыуэпс газыр гъэсыныпхъэу республикэм къыщагъэсэбэпыным зрагъэужьын щхьэкIэ КъБР-м и Правительствэмрэ «Газомоторное топливо» ООО-мрэ зэгурыIуэныгъэ зэрызэращIылIар. Республикэм щаухуащ щIыуэпс газкIэ лажьэ техникэ паркыр.

КъБР-м лэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министр **Тюбеев Альберт** тепсэлъыхьащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и IуэхущIапIэхэм къэрал къулыкъу щызыIыгъахэр пенсэкIэ къызэрызэрагъэпэщым теухуауэ» КъБР-м и Хабзэм и 3-нэ, 4-нэ Iыхьэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным. «Законопроектыр тещIыхьащ къэрал къулыкъу зыIыгъ цIыхур пенсэм щыкIуэ и илъэс бжыгъэ нэхъ мащIэм хэгъэхъуэным. Фигу къэзгъэкIыжынщи, мы зэманым цIыхум пенсэ хуатхын папщIэ, нэхъ мащIэ дыдэу илъэс 15-кIэ ар лэжьауэ щытын хуейщ. 2017 гъэм щIышылэм и 1-м щегъэжьауэ Хабзэм къегъэув илъэс къэс мазих хэхъуэурэ илъэсипщIкIэ ар екIуэкIыну. Абы къикIращи, пенсэ хуагъэувын щхьэкIэ, нэхъ мащIэ дыдэу илъэс 20 къэрал къулыкъу ирихьэкIауэ лэжьакIуэм иIэн хуейщ. Хабзэм хэтлъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэм къыщыгъэлъэгъуащ апхуэдэ хабзэр зэмыхьэлIа цIыху щхьэхуэхэри. Абы хеубыдэ 2017 гъэм щIышылэм и 1-м ирихьэлIэу илъэс 15-кIэ лэжьауэ къикIхэр», - жиIащ Тюбеевым. Апхуэдэуи ар тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым юридическэ дэIэпыкъуныгъэр пщIэншэу зэрыщыхуащIэм, «Лэжьыгъэм и ветеран» цIэр зэрыфIащым ехьэлIа Iуэхухэм.

- «Лэжьыгъэм и ветеран» цIэр зэрыхуагъэфащэ щIыкIэм теухуауэ» КъБР-м и Хабзэм нэхъ ипэкIи дыхэплъащ. Абы къегъэлъагъуэ дяпэкIэ а цIэр зратыну хуитыр дамыгъэ лъапIэхэр зиIэ, зы IэнатIэм илъэс 15 нэхърэ мынэхъ мащIэкIэ щылэжьа цIыхур зэрыарар, - къыхигъэщащ къэпсэлъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэхэм я лэжьэкIэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ КъБР-м и Правительствэм и унафэм и проектым ехьэлIауэ къэпсэлъащ КъБР-м Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщI **Къэзанш Людмилэ**. Абы зи гугъу ищIар «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Советская молодежь», «Горянка» газетхэр, «Литературная Кабардино-Балкария», «Iуащхьэмахуэ», «Минги Тау» журналхэр, «Къэбэрдей-Балъкъэр» телеканалыр, «КъБР-м и хъыбарегъащIэ агентствэр», «Эльбрус» тхылъ тедзапIэр «КъБР-м и Медиа» холдингым хагъэхьэну зэрамурадырщ. Къэзанш Людмилэ къыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал IуэхущIапIэхэм я лэжьыгъэр егъэфIэкIуэнымрэ абыхэм текIуадэхэм хэгъэщIынымрэ ехьэлIауэ КъБР-м и Правительствэм 2014 гъэм мэлыжьыхьым и 14-м къыдигъэкIа унафэм къыщыгъэлъэгъуам тету проектыр зэрызэхалъхьар. Къэзаншым къыхигъэщащ редакцэхэм я творческэ гупхэм зэхъуэкIыныгъэ зэрамыIэнур.

ЗэIущIэм хэтащ УФ-м и Президентым и лIыкIуэу КИФЩI-м и Аппаратым КъБР-мкIэ и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ **Канунников В. А.**

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**





● Гу зылъытапхъэ

## Гъэлъэгъуэныгъэм фрагъэблагъэ

Къэрал, политикэ лэжьакIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и япэ Президент КIуэкIуэ Валерий къызэралъхурэ илъэс 75-рэ зэрырикъум теухуа сурэт-документальнэ гъэлъэгъуэныгъэр СурэтыщI гъуазджэхэмкIэ музейм щекIуэкIынущ. Ар жэпуэгъуэм и 17-м сыхьэт 11-м къызэIуахынущ.

Гукъыдэж зиIэ псори выставкэм фрагъэблагъэ.

## КъБР-м щыIэ Оперативнэ штабым къет

ЦIыхухэм я гъащIэм, узыншагъэм, я мылъкум, абыхэм я сэбэп зыхэлъ нэгъуэщI Iуэхуу законыр къызыщхьэщыжхэм яхуэгъэза шынагъуэ зэрыщымыIэжым къыхэкIыу Урысейм ШынагъуэншагъэмкIэ и федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI генерал-майор Усов О. Л. къищта унафэм ипкъ иткIэ КъБР-м щыщ Шэджэм районым и щIыналъэм щыщ Iыхьэм 2016 гъэм жэпуэгъуэм и 13-м сыхьэт 21-рэ дакъикъэ 15-м щегъэжьауэ террорым пэщIэтынымкIэ щагъэуvауэ щыта хабзэр щхьэщахыжащ.

«Терроризмэм пэщIэтыным теухуауэ» 2006 гъэм гъатхэпэм и 6-м къащта Федеральнэ закон №35-ФЗ-м ипкъ иткIэ УФ-м и ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщIым 2016 гъэм жэпуэгъуэм и 14-м сыхьэт 11-рэ дакъикъэ 40-м щегъэжьауэ а щIыналъэм щхьэщихыжащ террорым пэщIэтынымкIэ хабзэм къигъэувхэмрэ пIалъэкIэ ягъэува мардэхэмрэ.

*КъБР-м щыIэ Оперативнэ штаб.*

● Фэеплъ пэкIу



## Зэи ящымыгъупщэнухэр



**2005 гъэм жэпуэгъуэм 13-м террорист щIэпхъаджащIэхэр Налшык къалэ къыщытеуа махуэм хэкIуэда хабзэхъумэхэм я фэеплъу жыг 35-рэ щыхасащ республикэм и къалащхьэм.**

КЪУЛЫКЪУМ пэрыту зи псэ зытахэр ягу къыщагъэкIыж фэеплъ пэкIум, жэпуэгъуэм и 13-м екIуэкIам, хэтащ КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ я УнафэщIхэу **Егоровэ Татьянэрэ Мусуков Алийрэ**, КъБР-м Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министр **Ромашкин Игорь**, УФ-м и ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI **Усов Олег**, УФ-м и Следственнэ комитетым и Управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI **Iустэ Валерий**, республикэм и щIыпIэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэр, МВД-м и Ветеранхэм я зэгухьэныгъэм хэтхэр, КъБР-м щыIэ нэгъуэщI жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр, дин лэжьакIуэхэр, хэкIуэдахэм я адэ-анэхэмрэ я Iыхьлыхэмрэ.

ПэкIур къызэIуихащ КъБР-м экстремизмэм пэщIэтын IуэхухэмкIэ и министр **Къуэшырокъуэ Залым**.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм нобэ дигу къыдогъэкIыж илъэс 11 ипэкIэ Налшык къыщыхъуа террорист щIэпхъаджагъэм пэщIэту зи псэр зыта ди щIалэхэр, - жиIащ Къуэшырокъуэм. - Къэрал хабзэмрэ шынагъуэншагъэмрэ яхъумэну ята псалъэр ягъэпэжу хэкIуэда хабзэхъумэхэм я фэеплъым пщIэ худощI, абыхэм ягъэлъэгъуа лIыгъэр зэрыт щымыгъупщар жыдоIэ.

КъБР-м къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Залиханов Къанщобий** къыщыпсалъэм къыхигъэщащ нобэ хаса жыгыщIэхэр гъащIэр ажалым зэрытекIуэм и нэщэнэу къызэрилъытэр, хэкIуэда я лэжьэгъухэм я фэеплъыр апхуэдэ щIыкIэкIэ уахътыншэ ящIыну зэрыхуейр.

Залихановым къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ илъэс 11 ипэкIэ, 2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13-м, Налшык и мамыр гъащIэр къызэтракъутэу къалэм къытеуа щIэпхъаджащIэ гупышхуэм хабзэхъумэ IэнатIэхэр, дзэ зэщIэузэдахэм епха IуэхущIапIэхэр, аэропортыр, нэгъуэщIхэри яубыдыну зэрыхущIэкъуар, ауэ абыхэм я мурад бзаджэхэр къаймыхъулIэн щхьэкIэ а махуэм къулыкъущIапIэм Iута ди щIалэхэр зылI и быну икIи щхьэмыгъазэу къызэрыувар. Налшык и уэрамхэм щекIуэкIа зэхэуэ гуащIэхэр къызэтегъэувыIэным, бзаджащIэхэм я гугъэр къызэпыудыным я псэр халъхьащ хабзэхъумэхэм ящыщу цIыху 35-м, къищынэмыщIауэ щIэпхъаджащIэхэм яIэщIэкIуэдащ къызэрыгуэкI къалэдэс 15.

- Террористхэм я гугъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэр яубыдыну, ауэ ар абыхэм къайхъулIакъым - Налшык щыIэ хабзэхъумэ IэнатIэхэм къулыкъу щызыщIэ ди щIалэхэм я къару зэхэлъкIэ щIэпхъаджащIэхэр зэтраукIащ, къалэм и мамыр гъащIэри зэтраублэжащ, - жиIащ министрым и къуэдзэм. - ЦIыхухэм я шынагъуэншагъэм, мамырыгъэм и хьэтыркIэ зи псэ зыта ди лэжьэгъухэм я цIэхэр дэ игъащIэкIи тщыгъупщэнукъым.

ХэкIуэдахэм я фэеплъыр ди республикэм щыпсэухэм я дежкIэ зэрылъапIэр, а щIалэхэм я лIыгъэр къыдэкIуэтей щIэблэр хэкупсэу гъэсэнымкIэ зэрыщапхъэр, зи бын хэкIуэда адэ-анэм я гуауэр илъэсхэм зэрыдэмыкIуэдар къыхагъэщащ щыгъуэ пэкIум къыщыпсэлъа нэгъуэщIхэми.

ПэкIум хэтахэр дакъикъэкIэ яхуэщымащ зи псэ емыблэжа хабзэхъумэ щIалэхэм, дин лэжьакIуэхэм дыуэ ящIащ.

**НЫБЭЖЬ Таисэ.**





*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*





**Жэпуэгъуэм и 15-м къалъхуащ лъэпкъ щэнхабзэм зи гъащIэхэр щхьэузыхь хуэзыщIа артист цIэрыIуэ Мысостышхуэ Пщызэбийрэ** *(1935 - 2009)* **тхакIуэ щэджащэ IутIыж Борисрэ** *(1940 - 2008)*.

## Газетхэмрэ журналхэмрэ къезыгъэхьхэм гу зылъатапхъэ

2017 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм къагъэхьыну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щытрадзэм хиубыдэу жэпуэгъуэм 13 - 23-хэм декадэ щхьэхуэ ирагъэкIуэкI. А зэманым языныкъуэ газетхэмрэ журналхэмрэ нэхъ пуду Iэ традзэ хъунущ. Газетхэмрэ журналхэмрэ кърагъэхьын папщIэ Iэ щыщIадз хъунущ республикэм связымкIэ и IуэхущIапIэ псоми.

***Федеральнэ пощт связым и Управленэу КъБР-м щыIэ***

● КъБР-м и Парламентым

# Анэмрэ сабиймрэ я узыншагъэм тегъэщIауэ

**Ди газетым зэрытетащи, КъБР-м и Парламентым деж щыIэ Жылагъуэ советым и зи чэзу зэIущIэ екIуэкIащ. Абы щытепсэлъыхьащ анэмрэ сабиймрэ я узыншагъэр хъумэным теухуауэ щIыналъэм щрагъэкIуэкI лэжьыгъэм.**

ЗЭIУЩIЭР къызэIуихащ икIи иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ**.

- Анэмрэ сабиймрэ я узыншагъэр хъумэным хуэгъэзауэ ди щIыналъэм лэжьыгъэшхуэ щокIуэкI. Псалъэм и хьэтыркIэ, лъхуапIэ унэщIэ яухуэ, абы щылэжьэну дохутырхэр ягъэхьэзыр, IэмэпсымэщIэхэри къащэху, - жиIащ Егоровэм. - КъыхэгъэщыпхъэщI дызыхунэмыса Iуэхухэри зэрыщыIэр. Абыхэм ящыщщ узыншагъэр хъумэнымкIэ IуэхущIапIэхэр зэгъэпэщыжын, IэмэпсымэщIэхэр щIэгъэувэн зэрыхуейр. Ахэр нобэкIэ зэрылажьэ Iэмэпсымэхэм я процент 70-р тIорысэ хъуащ. ЛъхуапIэ унэхэр, уэндэгъухэм я узыншагъэм щыкIэлъыплъ, сабий поликлиникэхэр зехьэн хуейщ.

Мыпхуэдэ бжыгъэхэм фыщызгъэгъуэзэну сыхуейт: 2016 гъэм и мазийм кърихубыдэу ди щIыналъэм сабий 8125-рэ къыщалъхуащ. А бжыгъэр 2015 гъэм елъытауэ 265-кIэ нэхъ мащIэщ! Апхуэдэуи гу лъывэзгъэтэнут дунейм къытехьа сабий цIынэу лIэжым я бжыгъэр процент 13,9-кIэ зэрыхэхъуар. Ари нэгъабэрейм нэхърэ нэхъыбэщ. Ар къызыхэкIыр акушер-гинекологхэр, сабий дохутырхэр зэрылажьэ Iэмэпсымэхэмрэ реанимацэхэмрэ зэрымыхьэнэншэращ, - къыхигъэщащ Егоровэм.

КъаIэта Iуэхум теухуауэ къэпсэлъащ КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министрым и къуэдзэ **Асанов Алим**, КъБР-м и Парламентым Социальнэ политикэмкIэ, лэжьыгъэмрэ узыншагъэр хъумэнымкIэ и комитетым и унафэщI **Къэжэр Хъусен**, Узыншагъэр хъумэным кIэлъыплъынымкIэ къэрал IуэхущIапIэм КъБР-м щиIэ щIыналъэ къудамэм и унафэщI **Ахъмэт Алий** сымэ.

Асанов Алим жиIащ:

- Узыншагъэр хъумэнымкIэ министерствэм лэжьыгъэ нэхъыщхьэу зыхуигъэувыжхэм ящыщщ ди щIыналъэм къыщалъху сабийхэм я бжыгъэм хэгъэхъуэныр. Абы папщIэ, бын зэзыгъэгъуэтыну щIэхъуэпс, ауэ ар къызэмыхъулIэ цIыхубзхэм, анэмрэ сабиймрэ я узыншагъэр хъумэным хуабжьу долэжь. «ГъащIэ къызэт!» жыхуиIэ проектым ипкъ иткIэ, нэчыхь езыгъэтхыну мурад зыщIа щIалэгъуалэм допсалъэ, тхылъхэр яхудогуэш, я узыншагъэм щыкIэлъагъэплъыну КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и медицинэ IуэхущIапIэм идогъэблагъэ. Абы и хьэтыркIэ проценти 3-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ ныбэ ихъуа сабийр зыгъэкIуэдыжхэм я бжыгъэр.

2016 гъэм «Унагъуэмрэ къащIэхъуэмрэ хъумэнымкIэ» IуэхущIапIэм сабий яIэну щIэхъуэпсу зэщхьэгъусэ 720-рэ къекIуэлIащ. Абыхэм ящыщу цIыхубз 260-м сабий ямыгъуэтыфыну къахутащ. Ауэ, абыхэм я узыншагъэм ирагъэIэза нэужь, цIыхубз 82-р уэндэгъу хъуфащ. ЭКО IэмалкIэ уэндэгъу зызыщIыну тегушхуа цIыхубз 264-м ящыщу 30-м ар къайхъулIащ.

Абы къыдэкIуэуи сыкъытеувыIэну сыхуейт Парламентым и УнафэщIыр зытепсэлъыхьа сабий лIэныгъэми. Псалъэм папщIэ, сабий мин къалъхуам я проценти 7,4-мрэ тIэщIокI. Абыхэм язынукъуэр япэ тхьэмахуэм, язынукъуэр мазэ иримыкъу щIыкIэ дунейм йохыж. Ар къызыхэкI щхьэусыгъуэхэм ящыщщ сабийр ныбэ щилъым анэм уз гуэр къефыкIамэ, мазибгъур хьэлъэу ирихьэкIамэ, сабийр дунейм къыщытехьэм гугъу ехьамэ. КъыхэгъэщыпхъэщI илъэс иримыкъу щIыкIэ уз зэрыцIалэхэм илIыкI цIыкIухэри зэрыщыIэр. Абы адэ-анэми я къуаншагъэ хэлъу жыпIэ хъунущ, я сабийр уз шынагъуэхэм щызыхъумэ хущхъуэхэр (прививкэхэр) храгъэлъхьэну дзыхь зымыщIхэм я бжыгъэм хохъуэри.

Сымаджэщхэмрэ лъхуапIэхэмрэ ятеухуауэ мыри къыхэзгъэщынут: республикэм и сабий сымаджэщым жьыр зэрагъэкъабзэ и системэр илъэсищ мэхъури тэмэму лажьэркъым. Сымаджэщым и кIуэцIым хьэуа къабзэ мыкIуэмэ, уз зэрыцIалэхэр куэд мэхъу, къызэрыдгурыIуэщи. А зы закъуэр зыхуей хуэбгъэзэным сом мелуан 14 текIуэдэнущ. Магнитно-резонанснэ, компьютернэ томографхэм дыхуэныкъуэщ. Абы сом мелуан 300-м нэс текIуэдэну къэдбжащ. Ныбэ илъу, къалъхуагъащIэу зи узыншагъэм сэкъат яIэу къахута сабийхэм дазэреIэзэн хущхъуэ лъапсейхэр къэтщэхун хуейуэ къытпэщылъщ, - жиIащ Асановым.

КъБР-м и Парламентым Социальнэ политикэмкIэ, лэжьыгъэмрэ узыншагъэр хъумэнымкIэ и комитетым и унафэщI Къэжэр Хъусен кIыхь зримыгъэщIу тепсэлъыхьащ афияным щIалэгъуалэр зэрыдихьэхамрэ абы зэребэн Iэмалхэмрэ:

- Иужьрей зэманым ди щIалэгъуалэм зрахьэлIэ «лирика», «тропикамид» жыхуаIэ афиян лIэужьыгъуэхэр. КъызэрывгурыIуэщи, ар цIыхум и узыншагъэм, психикэм хуабжьу зэран хуохъу, апхуэдэхэм зыщаукIыжа, машинэм щыпIэщIэхуэ, зыщIыпIэ къыщехуэх къохъу. Абы къыхэкIыу, щIэблэр тхъумэн папщIэ, зи гугъу тщIы хущхъуэ лIэужьыгъуэхэр дохутырым пхуимытхауэ аптекэхэм къуащэну хуимыту дгъэуващ, - къыхигъэщащ абы.

Республикэм и сабий сымаджэщым и лэжьэкIэр къызэрапщытам, ныкъусаныгъэ къагъуэтахэм тепсэлъыхьащ Узыншагъэр хъумэным кIэлъыплъынымкIэ къэрал IуэхущIапIэм КъБР-м щиIэ щIыналъэ къудамэм и унафэщI Ахъмэт Алий.

- Сабий онкологием, травматологием, ортопедием, анестезиологием, сымаджэ хьэлъэхэр зыщIэлъ къудамэхэм я лэжьэкIэм ныкъусаныгъэ иIэу къэтхутащ. Дохутырхэм я къалэныр нэсу, яхузэфIэкI къамыгъанэу ягъэзащIэ пэтми, къедбжэкIа къудамэхэр Iэмэпсымэк Iэ зыхуей зэрыхуэмыгъэзам къыхэкIыу я лэжьыгъэм пэлъэщыркъым. Къыхэзгъэщыну сыхуейт лъхуапIэ унэщIэр зэрызэфIагъэувэм дызэрыкIэлъыплъри. Ауэ а унэщIэр къыщызэIуахыну траухуа зэманым ирихьэлIэу хьэзыр мыхъунри хэлъщ, - жиIащ Ахъмэтым.

ЗэIущIэм къыщапсэлъар къызэщIикъуэжу, Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ жиIащ анэмрэ сабиймрэ я узыншагъэр хъумэным теухуауэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм я нэIэ зэрытетыр, щIыналъэ мылъкур иримыкъуми хэкIыпIэ къызэралъыхъуэнур, сыт и лъэныкъуэкIи мы Iуэхум гулъытэ зэрыхуащIынур.

**ФЫРЭ Анфисэ.**



● Бахъсэн щIыналъэ

# Алокъуэ Андзор и фэеплъ пхъэбгъу

**Бахъсэн къалэ дэт 4-нэ курыт еджапIэм къыщызэIуахащ УФ-м и ФСБ-м и офицер Алокъуэ Андзор и фэеплъ пхъэбгъу.**

АБЫ ТЕУХУА пэкIум хэтащ КъБР-м экстремизмэм пэщIэтын IуэхухэмкIэ и министр Къуэшырокъуэ Залым, Бахъсэн къалэ администрацэм и Iэтащхьэ Мамхэгъ Хьэчим, УФ-м и ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыIэм и лIыкIуэхэр, Алокъуэ Андзор и Iыхьлыхэр, и ныбжьэгъухэмрэ къулыкъу къыдэзыщIэу щытахэмрэ.

Майор Алокъуэ Андзор хэкIуэдащ 2012 гъэм и гъэмахуэм щIэпхъаджащIэ гупым хэтхэр къэубыдыным хуэунэтIауэ екIуэкIа Iуэхугъуэхэм ящыщ зым. Ар я «лъагъуэ техьат» зи ужь ит гупым хэтхэм. Ауэ лэжьыгъэ нэужьым пщыхьэщхьэм зи унэ кIуэж майорым и машинэр щIэпхъаджащIэхэм къагъэуащ.

Мамыр гъащIэр къызэпызыудхэм япэщIэту зи псэр зыта адыгэ щIалэм къэрал къулыкъумрэ дзэ къулыкъумрэ щрихьэкIым игъэлъэгъуа лIыгъэм папщIэ УФ-м и Президентым и УнафэкIэ майор Алокъуэ Андзор къыхуагъэфэща «Хахуагъэм папщIэ» орденыр и Iыхьлыхэм кърасыжауэ щытащ.

Гу лъытапхъэщ мы фэеплъ пхъэбгъур къыщызэIуаха курыт еджапIэм УФ-м и МВД-м и офицер Сыжажэ МуIэед и цIэр зэрызэрихьэр, ари мы школым щеджахэм зэращыщыр, 2011 гъэм къулыкъур ирихьэкIыу хэкIуэдауэ зэрыщытар.



● Шэджэм щIыналъэ

# Хэкупсэ нэсу къыщIэкIащ ахэр

**Шэджэм муниципальнэ районым щыгъуэ пэкIу щекIуэкIащ 2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13-м Налшык къыщыхъуа щIэпхъаджагъэм хабзэмрэ цIыхубэ шынагъуэншагъэмрэ яхъумэу хэкIуэдахэм папщIэ.**

КЪУЛЫКЪУР ирахьэкIыу зи псэ зыта хабзэхъумэхэм хуагъэува фэеплъу Шэджэм къалэм дэтым деж щекIуэкIа пэкIум зыкърагъэхьэлIат щIыпIэ администрацэм и лэжьакIуэхэм, IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм я унафэщIхэм, къулыкъу щызыщIэхэм, хэкIуэдахэм я Iыхьлыхэмрэ ныбжьэгъухэмрэ, егъэджакIуэхэмрэ еджакIуэхэмрэ.

Къызэхуэсахэм захуигъэзащ МВД-м и къудамэу Шэджэм районым щыIэм и унафэщI **Хъандэхъу Ахьмэд**:

- Нобэ дыкъыщIэзэхуэсар цIыхубэ шынагъуэншагъэр яхъумэну ята псалъэм хуэпэжу хэкIуэда ди щIалэхэм я фэеплъыр дигу зэримыхуар къэдгъэлъэгъуэну арaщ. Ди республикэр мамыру щытынырщ, цIыхухэр хуиту псэунырщ ди ныбжьэгъухэм я псэр зыщIатар. Дэ ди къалэнщ абыхэм я фэеплъыр дигу идгъэлъыну. Абыхэм я лIыгъэр щапхъэщ полицэм, хабзэхъумэ IэнатIэм и лэжьакIуэ дэтхэнэм и дежкIи, - жиIащ абы.

Къулыкъур ирахьэкIыу щIэпхъаджащIэхэм япэува хабзэхъумэхэм ягъэлъэгъуа хахуагъэр зэращымыгъупщар, хэкIуэдахэм я фэеплъым пщIэ зэрыхуащIыр, апхуэдэ щIалэхэр зыгъэса адэ-анэхэм зэрахуэарэзыри абыхэм я гуауэр зэрыдагуэшри къыхигъэщащ Шэджэм район щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ **ТекIушэ Артур**.

- Хабзэхъумэ къулыкъур езыхьэкI щIалэ 35-м яхузэфIэкIащ ди республикэм и щхьэхуитыныгъэмрэ мамыр гъащIэмрэ яхъумэн, - жиIащ ТекIушэм. - Лъахъшэу щхьэщэ яхудощI Хэкум хуэпэж бын зыпIа адэ-анэхэм. А щIалэхэм я фэеплъ нэхур дэ зэи тщыгъупщэнукъым, абы я щапхъэм къыдэкIуэтей щIэблэхэр щIэтпIыкIынущ.

Къэрал кIуэцI Iуэхухэмрэ дзэ къулыкъумрэ я ветеранхэм я советым къыбгъэдэкIыу зэIущIэм къыщыпсэлъа **Уэрыш Владимир** жиIащ пэкIур щекIуэкI фэеплъым Шэджэм районым щыщу МВД-м и IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм къулыкъу щызыщIа цIыху 38-м я цIэхэр зэрытетыр, абыхэм хахуагъэрэ лIыгъэрэ ягъэлъагъуэу, мамырыгъэр яхъумэу, цIыхубэм я къэкIуэнур нэхуу щытын папщIэ я псэр зэратар, а лIыхъужьхэм я фэеплъыр цIыхухэм зэращымыгъупщэнур.

Шэджэм къалэ дэт 2-нэ курыт еджапIэм щIэс ныбжьыщIэхэр къеджащ я лъахэгъухэм ягъэлъэгъуа лIыгъэм, хахуагъэм, хэкупсэу щытыным, терроризмэмрэ экстремизмэмрэ пэщIэтыным теухуа усэхэм.

ПэкIум хэтахэр дакъикъэкIэ хуэщымащ къулыкъум пэрыту зи псэ зыта хабзэхъумэхэм, я фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьащ.

Къыхэгъэщыпхъэщ фэеплъ махуэм ирихьэлIэу Шэджэм районым егъэджэныгъэмрэ щэнхабзэмрэ пыщIауэ щыIэ IуэхущIапIэхэм лIыгъэм, Хэкум и щхьэхуитыныгъэм къыщхьэщыжыным теухуа дерс зэIухахэр, МВД-м и ветеранхэр зыхэт зэIущIэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэрыщекIуэкIар, Iуэхум теухуа тхылъхэм я гъэлъэгъуэныгъэхэр къызэрыщызэрагъэпэщар.

**КIАРЭ Элинэ.**



# «ЩIалэгъуалэр терроризмэм и бийщ!»



**Апхуэдэ фIэщыгъэм щIэту Урысей МВД-м и Управленэу Налшык къалэм щыIэм и лэжьакIуэхэмрэ Жылагъуэ советымрэ зэщIыгъуу къалэ школ №18-м и ебгъуанэ классым щеджэхэм Iуэху щхьэпэ драгъэкIуэкIащ.**

ТЕРРОРИЗМЭМ ебэныныр нобэкIэ дуней псом и Iуэху нэхъыщхьэу къалъытэ. Къалэ управленэм ЦIыхубэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ и IэщIагъэлI **Тохъутэмыщ Еленэ** зэIущIэр къыщызэIуихым жиIащ ныбжьыщIэхэр пщIэ зэхуащIу, зэгурыIуэу, лъэпкъ зэхэгъэж ямыIэу къэгъэтэджыныр къалэну щыIэм я нэхъ пажэу зэрыщытыр.

ЩIалэгъуалэм яку дэлъын хуей зэкъуэтыныгъэм, цIыхугъэм, лъэпкъ зэхущытыкIэхэм триухуащ и псалъэр УМВД-м и деж щыIэ Жылагъуэ советым и тхьэмадэ **Тхьэзэплъ Хьэсэн**.

Управленэм балигъ мыхъуахэм я IуэхухэмкIэ и къудамэм и унафэщI **Шорэ Мурат** ныбжьыщIэхэр щыгъэгъуэзащ экстремизмэм пылъ шынагъуэм. Къыхигъэщащ, террор хъэгъэщагъэхэм цIыху гъащIэ зэрахьыр, къэралхэмрэ лъэпкъхэмрэ зэрызэпигъэувыр. НыбжьыщIэхэр къыхуриджащ набдзэгубдзаплъэу щытыну, я зыхуэпэкIэкIэ, псэлъэкIэкIэ шэч уэзыгъэщIхэм пэIэщIэ зыхуащIыну.

ШколакIуэхэр ирагъэплъащ терроризмэм шынагъуэу хэлъым теухуа видеофильм.

Урысей МВД-м и управленэу Налшык къалэм щыIэм и юрисконсульт нэхъыжь **Сыжажэ Iэсият** школакIуэхэр щыгъуазэ ищIащ я хуитыныгъэхэмрэ я къалэнхэмрэ. Экстремизмэмрэ терроризмэмрэ уголовнэ жэуапым узэрыхуашэм, ныбжьыщIэхэм яфIэгъэщIэгъуэн упщIэхэм жэуап яритащ.

Къызэхуэсахэр 2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13 - 14-хэм Налшык къыщыхъуа гуауэшхуэм, 2004 гъэм фокIадэм и 1-м Беслъэн къалэм и курыт еджапIэм бзаджащIэхэр щытеуам хэкIуэдахэм я фэеплъым пщIэ хуащIу дакъикъэкIэ щымащ.

Iуэхур щекIуэкIа курыт еджапIэм и унафэщIым гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и къуэдзэ **Панченкэ Иринэ** хьэщIэхэм фIыщIэ яхуищIащ. Къыхигъэщащ щIэблэ узыншэ гъэсэнымкIэ апхуэдэ зэIущIэхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэр.

*Урысей МВД-м и Управленэу Налшык къалэм щыIэм и пресс-IуэхущIапIэ.*



# Сыт щыгъуи ди гум илъынущ

**Хабзэ зэрыхъуауэ, жэпуэгъуэм и 13-м - Фэеплъ махуэм - Тезырхэр егъэпшынынымкIэ федеральнэ къулыкъум и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэм УФСИН-м и унафэщIхэр щызэхуэсащ зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэда я лэжьакIуэхэм я фэеплъым деж.**

2005 ГЪЭМ жэпуэгъуэм и 13 - 14-хэм Къэбэрдей-Балъкъэрым бзаджащIэхэм япэщIэту щыхэкIуэда хабзэхъумэхэм ящыщу 5-м къулыкъур УФСИН-м щрахьэкIырт. ИужькIи управленэм иIащ хэщIыныгъэ: 2000 гъэм Шэшэным щыхэкIуэдащ спецназым и лэжьакIуэ, 2009 - 2011 гъэхэм аргуэру УИС-м и лэжьакIуитху бзаджащIэхэм яIэщIэкIуэдащ. УФСИН-м и лэжьакIуэ хэкIуэдахэм къыхуагъэфэщащ «ЛIыгъэм и орден» къэрал дамыгъэр.

ПэкIур къызэIуихащ КъБР-м щыIэ УФСИН-м и унафэщI, къэрал кIуэцI къулыкъум и полковник Мэржэхъу Мухьэмэд:

- Терроризмэмрэ экстремизмэмрэ дащыпэлъэщынур дызэкъуэтмэщ. Дэ дгъэлъэгъуэн хуейщ, зыгуэрым апхуэдэ игу къэкIмэ, ерыщу пэщIэувэну хабзэхъумэхэр зэрыхьэзырыр. Къэрал псом щагъэщIэгъуащ дагъыстэн полицей Нурбагандов Магомед и иужьрей «Фылажьэ, къуэшхэ!» псалъэхэр. Дэри, сыт щыгъуи хуэдэу, адэкIи дылэжьэнущ, - жиIащ Мэржэхъум.

Муслъымэн, православнэ дин лэжьакIуэхэм дыуэ ящIри, УФСИН-м и лэжьакIуэ хэкIуэдахэм я фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьащ.

**ЗЭБАР Мадинэ,**
*КъБР-м щыIэ УФСИН-м и пресс-IуэхущIапIэ.*

● Лъэпкъ Iуэху

# Аслъэн Алий я дзыхь ирагъэз

**Иджыблагъэ Черкесск къалэ щекIуэкIащ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щылажьэ Адыгэ Хасэм и зи чэзу съездыр.**

ЗЭХУЭСЫМ хэтащ КъШР-м и Правительствэм и УнафэщI **Уэз Аслъэн**, лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министр **КIэм Мурадин**, КъШР-м Лъэпкъ IуэхухэмкIэ, цIыхубэ коммуникацэхэмрэ печатымкIэ и министерствэм и IэщIагъэлI **КIыщмахуэ Мадинэ**, КъШР-м ЮстицэмкIэ и министерствэм и лIыкIуэ **Боташев Заур**, Черкесск къалэм, адыгэ къуажэхэм щыIэ Хасэ къудамэхэм я лIыкIуэхэр, нэгъуэщIхэри.

ЗэIущIэр къыщызэIуихым Адыгэ Хасэм и Советым и тхьэмадэ Аслъэн Алий абы къекIуэлIахэр щигъэгъуэзащ я лэжьыгъэр зытраухуэну Iуэхугъуэхэм.

- ЛъэIу тхылъ ятхыу Адыгэ Хасэм къыхыхьауэ нобэкIэ цIыху 405-рэ хэтщ. Мы съездым хэтыну нэрыбгэ 78-рэ дгъэбелджылащ. Абыхэм ящыщу нэрыбгэ 64-р къекIуэлIащ. Ар къэкIуэн хуеям и ныкъуэм нэхърэ куэдкIэ нэхъыбэщи, съездым къиих сыт хуэдэ унафэми къару иIэнущ, - жиIащ Аслъэн Алий.

Апхуэдэу ар къытеувыIащ Адыгэ Хасэр нэхъыщхьэу зэлэжьын хуей лъэныкъуэхэм, къызэщIиубыдэ къалэнхэм, абы лъэпкъым дежкIэ иIэ мыхьэнэм.

ЗэIущIэм кърихьэлIахэр нэхъыщхьэу зыхэплъа Iуэхухэм ящыщщ Шэрджэс Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Шэрджэс Мухьэмэд** и къалэнхэр зэрызыщхьэщихыр. Абы и пIэкIэ хасэ тхьэмадэу ягъэувыну къагъэлъэгъуар Дер Вячеславти, нэхъ щIалэхэм гъуэгу иратмэ зэрынэхъ фIэкъабылыр, езыри сыт щыгъуи адыгэ Iуэхур ипэкIэ гъэкIуэтэнымкIэ сэбэп зэрыхъунур жиIэри, зыщхьэщихащ.

Хасэм и тхьэмадэ IэнатIэм пэрыувэну етIуанэу къагъэлъэгъуа **Аслъэн Алий** папщIэ съездым къекIуэлIахэм Iэ яIэтащ. Тхьэмадэр хаха нэужь, абы и къуэдзэу ягъэпсащ **АфIэунэ Исмэхьил**, Хасэм и Советым хагъэхьэнухэр ягъэбелджылащ, унафэщIу **Теркъул Мухьэмэд** хахащ, абы и къуэдзэщ **Астэжь Айшэт**. Къэпщытак Iуэ комиссэм хэтынухэмкIи а махуэм зэгурыIуащ.

ЗэIущIэм щыхэплъащ Адэмокъуэ Елбэрд езым и жэрдэмкIэ Адыгэ Хасэм хэкIыжыну зэрыхуеймкIи IэIэткIэ даIыгъащ.

**ЩОХЪУЖЬ Лусанэ.**
*Черкесск къалэ*

## Мы махуэм

**Жэпуэгъуэм и 15,** *щэбэт*

♦**Зи нэхэм ямылъагъухэм я дунейпсо махуэщ**

♦**Iэхэр тхьэщIыным и дунейпсо махуэщ**. ООН-м и Сабий фондым къыхилъхьэри, а махуэр 2008 гъэм ягъэуvауэ щытащ, къабзагъэм узыншагъэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIэм цIыхухэм иджыри зэ гу лърагъэтэн мурадкIэ.

♦**Къуажэм щыпсэу цIыхубзхэм я дунейпсо махуэщ**. Дунейм цIыхуу тетым я Iыхьэ плIанэр къуажэдэс цIыхубзщ - аращ абыхэми махуэ хэха яхуэфащэу къыщIалъытар.

♦**1967 гъэм** Индыл и Iуфэм иIэ Iуащхьэм - Мамаев курган жыхуаIэм - деж щагъэуващ Сталинград щекIуэкIа зауэм лIыхъужьыгъэ къыщызыгъэлъэгъуахэм хуащIа фэеплъыр.

♦**1990 гъэм** Горбачев Михаил Нобель и саугъэтыр къыхуагъэфэщащ.

♦Урыс усакIуэ цIэрыIуэ, тхакIуэ **Лермонтов Михаил** къызэралъхурэ илъэс 202-рэ ирокъу.

♦Совет тхакIуэ, журналист **Ильф Илья** къызэралъхурэ илъэси 119-рэ ирокъу.

♦Тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **ТекIуий Анатолий** къызэралъхурэ илъэс 86-рэ ирокъу.

♦УФ-м щIыхь зиIэ и артист, Абхъазым и цIыхубэ артист, КъБР-м, Абхъаз Республикэм я Къэрал саугъэтхэм я лауреат **Мысостышхуэ Пщызэбий** къызэралъхурэ илъэс 81-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, щIэныгъэлI **IутIыж Борис** къызэралъхурэ илъэс 76-рэ ирокъу.

♦Рок-музыкант, тхакIуэ, «Наутилус Помпилиус» гупыр къызэзыгъэпэща **Бутусов Вячеслав** и ныбжьыр илъэс 55-рэ ирокъу.

♦УэрэджыIакIуэ, актёр, УФ-м и цIыхубэ артист **Басков Николай** и ныбжьыр илъэс 40 ирокъу.

♦Урысей теннисисткэ, Олимп джэгухэм (2008 гъэ) я чемпионкэ **Дементьевэ Еленэ** и ныбжьыр илъэс 35-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх тIэкIу къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 9, жэщым градуси 5 - 6 щыхъунущ.

**Жэпуэгъуэм и 16,** *тхьэмахуэ*

♦**Ерыскъым и дунейпсо махуэщ**

♦**Анестезием и дунейпсо махуэщ**

♦**Гъуэгу хозяйствэм и лэжьакIуэхэм я махуэщ**

♦**1962 гъэм** лэжьэн щIидзащ «Юность» радиостанцым.

♦**1964 гъэм** Китайм япэ атомнэ бомбэр щагъэунэхуауэ щытащ. Ар къыщагъэуащ Лобнор гуэлым пэмыжыжьэу иIэ полигоным.

♦**1991 гъэм** Налшык щызэхэтащ КъБР-м ис лъэпкъхэм я нэхъыжьыфIхэм я съезд.

♦Каир къыщалъхуа адыгэ тхакIуэ цIэрыIуэ, «хьэрып усакIуэхэм я пащтыхьу» къалъытэ **Шэукъий Ахьмэд** къызэралъхурэ илъэси 146-рэ ирокъу.

♦ТхакIуэ, зэдзэкIакIуэ, филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Къардэн Бубэ** къызэралъхурэ илъэс 99-рэ ирокъу.

♦Филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, литературовед, критик, публицист **ТIымыжь Хьэмыщэ** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

♦Техникэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Шэджыхьэщ Iэ Юрий** и ныбжьыр илъэс 55-рэ ирокъу.

♦Оперэ уэрэджыIакIуэ, УФ-м и цIыхубэ артист **Хворостовский Дмитрий** и ныбжьыр илъэс 54-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ, жэщым къешх-къесу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 3 - 5, жэщым градуси 2 - 3 щыхъунущ.

**Жэпуэгъуэм и 17,** *блыщхьэ*

♦**Къулейсызыгъэм ебэныным и дунейпсо махуэщ**

♦**1740 гъэм** Петропавловск-Камчатский къалэм и лъабжьэр ягъэтIылъащ.

♦**1902 гъэм** Детройт (США) къалэм къыщыщIагъэкIащ япэ «Кадиллак» автомобилыр.

♦**1905 гъэм** Урысейм и япэ Къэрал Думэр зэхыхьащ.

♦**1938 гъэм** СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УнафэкIэ ягъэуващ «Хахуагъэм папщIэ» медалыр.

♦**1945 гъэм** СССР-м къыхагъэхьащ Кёнигсберг къалэр, абы къедза щIыналъэхэри щIыгъуу.

♦**1961 гъэм** Къэрал Кремль Уардэунэр къызэIуахащ. 1992 гъэ пщIондэ абы зэреджэу щытар Съездхэм я Кремль Уардэунэ жиIэущ.

♦Маршал, Совет Союзым тIэунейрэ и ЛIыхъужь **Гречкэ Андрей** къызэралъхурэ илъэси 111-рэ ирокъу.

♦Техникэ щIэныгъэхэм я доктор, КъШКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Тохъутэмыщ Хъызыр** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦ТхакIуэ, публицист, ЩIДАА-м и академик, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист **Котляров Виктор** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 4 - 6, жэщым градуси 2 - 3 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Зил мыузым игу узыркъым.**



Утыку итыр министр Ткачёв Александрщ.

**Бжьыхьэ дыщафэ-2016**

# Дыщэ медалу тIощIрэ плIырэ

**Мэзкуу дэт ВДНХ-м и хэщIапIэм щэбэт кIуам щызэхуащIыжащ «Бжьыхьэ дыщафэ-2016» 18-нэ урысей агропромышленнэ гъэлъэгъуэныгъэр. Ар теухуауэ щытащ Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэм елэжь промышленностымрэ я лэжьакIуэм и махуэм.**

ХАБЗЭ хъуауэ, илъэс къэс къыхалъхьэ гъэлъэгъуэныгъэр, Мэзкуу и Правительствэр и щIэгъэкъуэну, Урысей Федерацэм Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм къызэригъэпэщащ. Къэралым и щIыналъэ 64-м я лIыкIуэхэм агропромышленнэ комплексым и ехъулIэныгъэхэр махуиплIкIэ ягъэлъэгъуащ. «Бжьыхьэ дыщафэ-2016» выставкэм цIыху 2600-рэ хэтащ, нэгъуэщI щIыпIэхэм щыщ хьэщIэ куэд къеблэгъащ. ЦIыху мин щищым щIигъу зэкIуэлIа выставкэр зэрекIуэкIым урысей, хамэ къэрал журналисту 800 кIэлъыплъащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и экспозицэм метр зэбгъузэнатIи 100 хухахат. Республикэм и мэкъумэш предприятэ зэмылIэужьыгъуэу 24-м, апхуэдэу и щIэныгъэ IуэхущIапIэу щым я IэдакъэщIэкIхэм, ахэр зыхуэдэм, я фIагъым, АПК-м и IэнатIэм зыщыхунэса щIэныгъэ къэхутэныгъэхэм псори хуабжьу дихьэхырт. КъищынэмыщIауэ, «Кабардинка» къэрал академическэ къэфакIуэ ансамблым и концерт программэм Урысейм и выставкэ нэхъыщхьэр игъэбжьыфIащ.

КъБР-м и япэ вице-премьер - мэкъумэш хозяйствэмкIэ министр **Говоров Сергей** я пашэу гъэлъэгъуэныгъэм щыIащ ди щIыналъэм и агропредприятэ пэрытхэм я унафэщIхэр, республикэм Мэкъумэш IэнатIэмкIэ и министерствэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и (мэкъумэшыщIэ) фермер хозяйствэхэм я зэгухьэныгъэм я IэщIагъэлIхэр.

«Налшык хьэлвэ завод», «Прохладнэ щIакхъуэ завод» ОАО-хэм, «Налшык гъэш комбинат», «Велес-Агро», «Агро-Инвест», «Прохладнэ логистикэ центр», «Жако» IэфIыкIэ фабрикэ», «Фрукт-Трейд» ООО-хэр, «Агро-Ком» теплицэ комплексыр, «ЗЭТ» концерныр, Къэбэрдей-Балъкъэрым мэкъумэш хозяйствэмкIэ и щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтыр, Кавказ Ищхъэрэм бгылъэ, жьэгъущIэс щIыпIэхэм жыг хадэхэр щыгъэкIынымкIэ и щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтыр, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетыр, нэгъуэщIхэри гъэлъэгъуэныгъэр къызэгъэпэщынымрэ егъэкIуэкIынымрэ жыджэру хэтащ.

«Бжьыхьэ дыщафэ-2016» выставкэм и программэм хыхьэу мыхьэнэ хэха зиIэ Iуэхугъуэхэр щызэпкъраха зэIущIэ ирагъэкIуэкIащ. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, «ЗэпIэзэрыту зыужьынымрэ хьэрхуэрыгъэ ткIиймрэ я лъабжьэхэр: дыгъуасэ, нобэ, пщэдей» зыфIаща зэхыхьэшхуэр.

«Къэралым и щIыналъэхэм я зэфIэкIымрэ АПК-м мылъкуу хузэщIагъэуIуэмрэ» жыхуиIэ зэIущIэм - инвесторхэм я зэхуэзапIэ клубым и эксперт сессием цIыхушхуэ зэхуишэсат. Абы и зэхэублакIуэт Урысейм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр **Ткачёв Александр**.

- Къэралым и мэкъумэшыщIэхэм нобэ къапэщыт къалэн нэхъыщхьэр фIагъ зиIэ ерыскъыпхъэкIэ ди цIыхухэр ирикъуу къызэгъэпэщынырщ. Урысейм къращIылIа санкцэхэм къагъэнэIуащ къэралым мэкъумэш IэнатIэхэм лъэщу защIигъэкъуэн зэрыхуейр. Инвесторхэми хуэфащэ щытыкIэ къахузэгъэпэщыпхъэщ. Нобэ ирихьэлIэу гъунапкъэ нэрылъагъухэр илъа хъуащ. Абы и щыхьэтщ «Бжьыхьэ дыщафэ-2016» зи чэзу выставкэм щагъэлъагъуэ продукцэхэр. Ар йокIуэкI «Инвестицэхэр - Урысеймрэ щIыналъэхэмрэ я зыужьыныгъэм» къыхуеджэныгъэм щIэту. Абы папщIэ, мэкъумэшыщIэхэмрэ АПК-м зи мылъку хэзылъхьэнухэмрэ къэралым зэрыдиIыгъыну Iэмалхэр дгъэбелджылащ. Япэрауэ, мэкъумэш хозяйствэр банк кредит пудхэм хуейщ. Экономикэм хуэгъэпса инвестицэ проектхэм хухах щIыхуэм техьэр дяпэкIэ процентитхум щIигъунукъым. Абы теухуауэ УФ-м и Правительствэм и Унафэм и проект щыIэщ. Иджы етIанэгъэ къыщыщIэдзауэ мэкъумэш IэнатIэхэм ахъшэр банкым щыхухахынущ. Апхуэдэу нэгъуэщI къэралхэм кърашу щыта ерыскъыхэкIхэр дыдейхэмкIэ зэзыхъуэкIхэм ягъэзащIэ инвестицэ проектхэм халъхьэм и процент 20-р хуатыжынущ. Зи гугъу сщIыр иджырей пхъэщхьэмыщхьэ хъумапIэхэрщ, теплицэ комплексхэрщ, жыг хадэхэр гъэтIысынырщ, пхъэщхьэмыщхьэмрэ хадэхэкIхэмрэ щелэжь, зэращэнум щыхуагъэхьэзыр центрхэр ухуэнырщ, - къыхигъэщащ министрым.

Ткачёв Александр къызэригъэлъэгъуамкIэ, пхъэщхьэмыщхьэ гъэкIыным лъэщу зратыпхъэщ. Абы и лъэныкъуэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щапхъэ трахыну зэхуэсахэр къыхуриджащ.

Жэпуэгъуэм и 8-м IэнатIэ 19-м я зэпеуэхэм къарикIуахэр зэхалъхьэжащ, агропредприятэ нэхъыфIхэм, лэжьакIуэ пашэхэм «Бжьыхьэ дыщафэ-2016» выставкэм и медалхэмрэ дипломхэмрэ иратащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэшыщIэхэм медаль 38-рэ къыхуагъэфэщащ. Абы ящыщу 24-р дыщэщ. Ди лIыкIуэ 30-м дипломхэр кърататащ. Къыхэгъэщыпхъэщ я куэдагъкIи, я фIагъкIи ди республикэм игъэлъэгъуа ерыскъыхэкIхэм къапэхъун выставкэм зэрыщымыIар. Ар къыхигъэщащ УФ-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Хьэту Жамболэт** Къэбэрдей-Балъкъэрым и экспозицэм щеплъым. Апхуэдэу ди республикэм и ехъулIэныгъэхэм гуапэу тепсэлъыхьащ Урысей Федерацэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Громыкэ Евгений**, министерствэм къэкIыгъэхэр зехьэнымкIэ, механизацэмрэ химизацэмкIэ, Iэщ гъэхъунымрэ былым лъэпкъыфIхэм зегъэужьынымкIэ, ерыскъыпхъэхэм елэжь промышленностымкIэ и департаментхэм я унафэщIхэу **Чекмарёв Пётр**, **Амерханов Хьэрун**, **Ахпашев Евгений** сымэ.

**ДЫГЪУЖЬОКЪУЭ** Iэуес.

---

**Гупсысэр - псалъэкIэ**

# Хъуапсэ и псэ кIуэдыркъым, фыгъуэр мыгъуэ мэхъу

**Зыхуэныкъуэм ехъуэпсэныр псэ зыIутым и нэщэнэщ: сымэжалIэмэ, ерыскъым е ар зиIэм сохъуапсэ, сыщыгъыныджэмэ - хуэпам. «Ярэби, мыбы и пIэ ситарэт!» - жызоIэ. А хьэлыр псэущхьэхэми ядыдогуэш: Iэпкълъэпкъыр псэун папщIэ - ерыскъы; щIыIэм, хуабэм, емыкIум щыхъума хъун папщIэ - щыгъын хуэныкъуэщ. «ЦIыхухэм уахэгъуэщэн» гукъыдэжым къихьыр апхуэдэ хъуапсэ узыншэщ. «Хъуапсэ и псэ кIуэдыркъым» - чэмым ухущIэкъукIэ гуэныхь къэпхьыркъым. ЦIыхур тхьэ щIелъэIури, щIэлажьэри, и Iэгъуэблагъэм щызекIуэ хабзэхэм щIытетри адрейхэм къакIэрымыхуу и щхьэ ипIыжыфын щхьэкIэщ. «Адрейхэм сахуэдарэт» гупсысэм мыпхуэдэ хъуапсэр егъэзахуэ.**

«ХЪУАПСЭ» псалъэм «хъун»-мрэ «псэ»-мрэ щызэхэлъщ, псэр хъуну, узыншэну хуейщ, хъуапсэурэ йофIакIуэ. А псалъитIыр - «хъуапсэмрэ» «фыгъуэмрэ» - уигу къагъэкI мыхьэнэхэмкIэ адэкIэ зэпэщIэбгъэувэмэ, етIуанэм «псэр зыгъэф, зыгъэгъу, хъугъуэ къезымыт» гупсысэм упещIэ, псалъэжьхэм хуэдэу, жамыIэпэми, уигу къагъэкI. Ди мурадыр псэр зымыгъэкIуэд «хъуапсэр» зэрытыпхъэ хъийм икIыу «фыгъуэ», псэкIуэд, «мыгъуэ» зэрыхъу щIыкIэр, гъуэгур, гурыщIэр, IэбэкIэр зэхэдгъэкIынырщ. МелыIычхэр Тхьэр зэхъуэхъуа Iэдэм *ехъуапсэри* къызэтенащ, Тхьэр зэбга Iиблис ардыдэм *ефыгъуэри* къызэтенакъым.

Фыгъуэр сытым дежи нэгъуэщI цIыхущ. Иджыпсту псалъэ сэ фыгъуэ схэлъкъым, сиIэмкIэ сыарэзыщ, нэгъуэщIым ейм сехъуапсэркъым. НэгъуэщIу жыпIэмэ, «сэ сыфыгъуэнэдщ» гупсысэр къемызэгъщ, уэ уи фыгъуэр никъусаныгъэу къыпфIэщIыркъым, фIэпщыр нэгъуэщIщ, захуагъэу къыпщохъу. ЖысIэм къизгъэкIыр: фыгъуэр зэрыпсэкIуэдыр апхуэдизкIэ къыддалъхуауэ тхэлъщи, ар цIыхум фIырыфIкIэ зыдимылъагъуж, гу зэрылъитэу зызыщидзей хьэлщ. Зыущэхум ар елъагъу, апхуэдэу щытыну хуэмейуэ зоныкъуэкъуж, и щыщIэныгъэу елъытэ. Дэ дызэщхьыну дызыхуэмейр ар зыдэзымылъагъужу зыхэлъ е зылъагъужу зыфIэзахуэ, нэгъуэщIыцIэ фIэзыщращ. УзытеукIытыхь хьэлым гува-щIэхами уполъэщ, ауэ цIыху хэтыкIэ Iэмал нэхъыщхьэу плъытэм зыбогъэужь, уефIакIуэ къыпфIэщIурэ щыхупIэм ухуешэ.

*«Дунейм мыхъумыщIагъэ щывмылэжь», - къыжраIэмэ, «Дэ гъуэгу захуэм дытетщ», - жаIэри жэуап иратыж.*

Фыгъуэр цIыхуфIкъым. ЦIыхуфIым адрейхэр и щхьэ хуегъадэри, езым емыщхьми, фIыуэ елъагъуф. Уеблэмэ, езым нэхъ къыщхьэщыкIыху, нэхъ и пIэ итыжу, езым хузэфIэмыкIын гуэр хуэлэжьу елъытэри, пщIэ хуещI. МыцIыхуфIыр цIыху гугъущ: бгъэдыхьэгъуейщ, уригъусэну хьэлэмэткъым, къобгъэрыкIуэ зэпытщи, сытым деж къыбдигъуэн къелъыхъуэ. Зэрынэхъ лъагэр уигъэлъагъуху, пщIэ зэрыхуэфащэр нэхъ къыбгурыIуэну щыгугъым ещхьщ. И цIэр фIыкIэ игъэIун папщIэ зэгъэзахуэшхуэ къегъэлъагъуэ, къаруи егъэкIуэд, ауэ псапэр езым хэщI, нэгъуэщIым хэхъуэ гуэрущ зэрилъытэри, и IэфIри зыхищIэркъым, и мыхьэнэри къыгурыIуэркъым. Псом нэхърэ нэхъ гугъу езыгъэхьращи, адрей цIыхухэр гъащIэм и IэфIыр IэщIэзыгъэкI бзаджэ гупу къыфIегъэщI зыри фIыуэ зэрыхуэмылъагъум.

КъызыхэкI щхьэусыгъуэхэр зыгурыбгъэIуэну ухуежьэмэ, «фыгъуэм» нэхъ къыпэщIэт гурыщIэр хъуапсэракъым - фIыщIэращ. ФIыщIэр фIэщхъуныгъэм и лъэпкъэгъущ, фыгъуэнэдыр фIэщхъуныджэщ, зыми дзыхь хуищIыркъым. Зыгуэр фIыуэ плъагъун щхьэкIэ, абы зэи лей къуэзэримыхынур уи фIэщ хъун хуейщ, мыбы апхуэдэ цIыху и хъуреягъым щилъагъуркъым. Абы цIыхухэр лIэужьыгъуищу егуэш: зыгуэр къызыпыкIынур, абы къикIыр - къыпхуэгъэдэIуэнур е къыпхуэгъэпцIэнур; къыпыкIынуIами зи лъэкIыныгъэ къыхуэмыгъэщхьэпэнур; лей къезыхынур. Иужьрейр къыхуэпсэлъэнкIэ (абы жиIэр цIыхухэм я фIэщ хъунущ), и мылъкум къыхэIэбэнкIэ (абы фIы гуэрым ухигъэкIыжынущ), зи дуней тетыкIэм езыр фагъуэ щIэхъукIынкIэ хъунуращ. МыгурыIуэгъуэу мыбы хэтыр: лей къезыхынкIэ хъунур езым нэхърэ нэхъыфIу къазэрыщыхъунум е апхуэдэу зэрыщытым шэч къытрихьэркъым. НтIэ, мыбы зэреджэн хуейр «фыгъуэнэдкъым», «игу ирихьым и гум дэмыхьэф цIыхущ». Уигу щрихькIэ, абы уи Iей зэрихуэн гукъыдэж зэримыIэр зэрыплъагъумкIэ зыкъыбоумысыж. Ар фыгъуэнэдхэм езыхэм къагурымыIуэжу яхэлъ хьэлщ: ягу иримыхьым еникъуэкъуркъым. Зы лIэужьыгъуэм зилъагъужыххэркъым: «Сэ нэхърэ нэхъыфI щыIэкъым». Адрейм зелъагъуж, ауэ зыкъиумысыркъым: «Сэ нэхърэ нэхъыфI зэрыщыIэр сощIэ, ауэ ар здэщыIэм сэ зэи сыкIуэнукъым, сэ сыздэщыIэми зэи къэзгъэкIуэнукъым». Ещанэм зелъагъуж, зыкъеумыс икIи зегъэщIагъуэ: текIуар сыт щыгъуи захуэщ. Фыгъуэнэд ирагъэкIуэтам Тхьэм упэщIимыгъахуэкIэ. «Зыхуейр хуэвдз, и макъым седэIуэфынукъым», - жызыIэ Алыхьталэм ар жэуапыншэу къыщIимыгъанэ щхьэусыгъуэхэм язщ абыкIэ и лейм узэрыщихъумэр.

ЖытIэр мы гу Iувым лъагъуныгъэ *къызэризэу* (нэгъуэщI псалъэ къезэгъыркъым) щIыкIэм уи фIэщ ещIыпэ: фIыуэ къыхущытхэм нэхъыбэ дыдэу яхуигъазэ гурыщIэр гукъанэщ. (ФIыуэ къэзымылъагъуну зыхузэфIэмыкI и быным деж нэгъунэ щыболъагъу ар, мыхэращ сабийр адэм е анэм зыгуэр дигъуэным тезыгъэгушхуэр, тепсэлъыхьу езыгъасэр). Къуаншэу зызыбжыжыр уи IэмыщIэм илъщ, сыт хуэдиз и мылъагагъми. Абы къару къезыт псоми уобгъэрыкIуэф уи мыарэзыныгъэмкIэ. Гъэкъуэншэныр зэи узымыгъэбэлэрыгъ Iэмалщ, псом ялейуэ нэгъуэщIкIэ узыпэмылъэщ цIыху хьэрэмыгъэншэхэм я деж щыпхокI. Езыми зэребгъэрыкIуапхъэр а Iэщэ дыдэрат, ауэ Тхьэм щIыхуэ къызэрытемынэм и щыхьэту (фыгъуэнэдми фIы игу къимыхьэххэу щыткъым, ифI щынэрылъагъу зы утыкии щыпхущыгъэуну-



къым), цIыхуфIхэм къаухъуреихьынымрэ абы фейдэ хэмыхьыфынымрэ мыбы хуэдэу зи натIэ ит гъуэтыгъуейщ.

Иджы бийр къэгъэнауэ, зыгуэр къызыпыкIынухэм къащыпихыфым деж щхьэ ахэр фIыуэ имылъагъурэ жыпIэнщ. Жэуап: арэзы хъуркъым. ФIылъагъур фIыщIэм епхащ, арэзы мыхъум фIыщIэ зыхищIэркъым. Сыт фIыщIэр зищIысыр? Сызыхуэныкъуэ гуэрым сытезыгъэIэбам, сэр-сэру зэзмыгъэгъуэтыф хуэныкъуэныгъэ сщхьэщызыхам къызит гузэгъэгъуэ, фIы къеуэлIэну сызэрыхуэупсэ гурыщIэ. Фыгъуэнэдыр «фIыщIэкIэ» зэджэр нэгъуэщIщ. Абы нэрымылъагъум мыхьэнэшхуэ иритыркъым. «ФIыщIэкIэ» ар зэджэр цIыхухэм зэхахыу зыгуэр къызэрыщытхъумрэ иджыри зыгуэр къызыпыкIынкIи хъунум кърит гугъэмрэщ. ФIы къыхуащIар езым зыIэригъэхьауэщ зэрилъытэр. Зэрыщыт дыдэри аращ: мыбы, и жагъуэ хъунщ жиIэу, зыхуэмей пIихынукъым, зыхуеи блигъэкIынукъым. Зыхуейр зэрызыIэригъэхьа гъуэгур ещIэж, къезытар зэрызыфIигъэлIыкIыфар зи Iэзагъыр езыращи, ар уасэ зиIэ гуэру илъытэн дэнэ къэна, и IэбэкIэм къытригъауэ фэ Iейр кIэрыщIащи, нэхъ псынщIэу зыщигъэгъупщэжмэ нэхъ къещтэ. ФIыщIэ зыщIыр зы лъэбакъуэкIэ нэхъ мыхъуми йокIуэт: «ЦIыхуфIхэр куэдщ, сэ нэхърэ нэхъыфIыр нэхъыбэжщ, сифI зезыхуэ Алыхьталэми жагъуэу сыкъилъагъуркъым». Абы и фIэщхъуныгъэри йофIакIуэ, и хьэлми щабагъ гуэр къещтэ. Ауэ фыгъуэнэдым фIы хуэпщIэху зыгуэркIэ ущыгугъыу е уригъэкIуэтауэ елъытэ; къинэмыщIауэ, хэмылъ хьэл и нэм щIэпIуху уогъэбампIэ, сыту жыпIэмэ, абы фыгъуэр къызыхэкI адрей хьэл мыгъуитIри хэлъщ: нэпсейщ икIи быдэщ. Нэпсейм лей зрилъэфалIэмэ, быдэм къыдэхуэр икъузмэ, фыгъуэм, иIэр зэриIэу, уэ уи Iыхьэм ухигъэкIыжыну хуейщ. Абыи зыгуэр игу пымыкIыу щыткъым, ауэ IэфI щIэмылъущ е Iэуэлъауэшхуэ пыщIауэщ, щIыхуэшхуэ къыптехуэущ, пщыгъупщэжынкIэ шынагъуэ щымыIэущ зэрытэр. ФIы къыхуэзыщIэхэр зрипэсыркъым, тыгъэ хуэпщIкIи нэхъ гъунэгъу ухуэхъуркъым. «Ныбжьэгъу» щызыбгъэдигъэхьэр ар зэригъусэм гъавэ къэкIуэн гуэрым и мэ къыщIригъэхьэмэщ - мылъку, пщIэ, къару... ПщIэкIэ зыщIимыгъэнщIыр аращ. Къулыкъумрэ мылъкумрэ пщIэщ, уакъуопсэукIыф, улъэщу фэ къыптеуэу. ИпэжыпIэкIэ мыбы къыфIэIуэхури зыфIэлIыкIри езым нэхърэ куэдкIэ нэхъ лъагэ, зыпэмылъэщын, зыбгъэдэмыхьэфын, жыIэщIэ хуэмыщIын цIыхухэращ. И пагагъымрэ (фIыуэ къыхущытым хуэгъэзауэ) и унэIут хьэлымрэ (зылъэмыIэсын зиIэм теухуауэ) зы хьэлым зэрыхэзагъэм укъегъэуIэбжь. Зыхуейр зэрыхуэпщIэу, уэ нэхърэ нэхъ лъагэ, ар зыIэщIигъэкIыфа цIыху мыхьэнэншэ уохъу. «Ахъшэ уэстамкIэ «Волга» къощэхури, «Ухэт уэ?» - жыпIэу укъотIысыж», - зыхужаIар мыращ.

Мы хьэл гугъум и Iыхьэ гуэр, дауи, псоми тхэлъ къыщIэкIынщ, дызэрырихьэлIэу къыщытцIыхужкIэ. Шэч куэд къэмынэу нэрылъагъущ ар щабагъымрэ ткIиягъымрэ я зэпэшачэр къэзымыгъуэтыфа адэ-анэм я деж къызэрыщежьэри. И адэ е и анэ лъэщым фIыуэ зыкъригъэлъагъуфыным, абы игу ирихь цIыху лIэужьыгъуэ къыхэкIыным и гугъэр хехыжри, сабийм къепэгэкIыр фIыуэ илъагъуу зрегъасэ, зэзымыпэсым къыкIэлъиджыхьу мэхъу. ЩIалэ-хъыджэбз щапхъэхэр зэщхьэщокI. ИтIанэ апхуэдэ адэм е анэм пикIуэт быныр къытекIуэм и телъхьэ хъууэ цIыкIуху гугъу езыгъэхьам ещхь балигъ щыхъужыр адрей адэ е анэ мыткIийр ирагъэкIуэтыпамэщ. Быныр зыдэмыплъей, нэрылъагъуу темыкIуа лъэныкъуэм къылъыс пщIэр иIыгъыжмэ, сабийр гуитIщхьитI хъуми, хэкIыпIэншагъэм хуэкIуэркъым. Унагъуэр унагъуэ зэхуэщIауэ - хьэщIэимыхьэу - щымытмэ, и хьэлри къызэтонэ, нэгъуэщI цIыху лIэужьыгъуэ куэд зэрилъагъум къыхэкIыу: «Папэ гушыIэрэ, мамэ дыхьэшхмэ, хьэщIэ диIэу аращ». Ауэ нэгъуэщI зы лIэужьыгъуи щыIэщ: унагъуэр хьэщIэ кIуапIэу, ауэ псори никъуакъуэ лъэныкъуэмкIэ фIэкIа къимыкIыу. Абыи сабийр зэтреху. Мыхэр псори адыгэ унагъуэ щапхъэхэм ящыщщ, жыгыр иджыри щхъуантIэу, ауэ къудамэхэм я нэхъыбэм зыри къыпымыкIэжу. Адэ е анэ зэрымыс унагъуэм къыщыхъу сабийм и хьэлыр нэхъ гугъужщ: и ныбжьыр хэкIуэтэху ар щыIэщIэмыкI къохъу и сабиигъуэм къыздихь гужьеигъуэм, гурыIуэгъуэщ абы зэхуэдэныгъэм фIы къыщилъыхъуэн хуэдэу щIэх и гур къызэримыхьэжынур.

Сабийм и акъыл зэрыубыдыху нэхъ лъэщым и лъэныкъуэр къещтэ. Зэрыубыдащ жыпIэми - узэсэ сэгъейщ. Балигъ фыгъуэнэд къызыхэкIа мы дызытепсэлъыхь сабийм IэщIэкIар и чэзум Iэрымыхьа гухуабагъ берычэтщ. Уайльд Оскар и жыIэгъэ цIэрыIуэхэм ящыщщ: «Фи сабийм цIыхуфI къыхэкIыну фыхуеймэ, насыпыфIэ фщIы». Сабийр насыпыфIэ зыщIыр куэд мэхъу, ауэ зыгъэтынш хьэлыр къыздикIыр дэнэ жыпIэмэ, ар балигъым къыбгъэдэкI фIылъагъум зэрыхэмыщIымрэ абы и уасэр зыхищIэн хуэдэу зыфIэнэзэкIужрей дэджэгуэгъу зэрыщымыщIэмрэщ. Джэгум узэхуегъадэ, япэрауэ. ЕтIуанэрауэ, упщми упщылIми, сытым дежи захуагъыр зи лъабжьэ джэгукIэ хабзэр къыпщхьэщытщ. А тIур - джэгумрэ фIылъагъумрэ - хурокъу сабийм, абы балигъ бзаджэ къыхэмыкIын папщIэ. Зэман докIри, джэгукIэр Iуэху щIэкIэ, IэщIагъэ мэхъу, фIылъагъукIэр - фIыщIэ щIыкIэ, цIыху хэтыкIэ, фIэщхъуныгъэ. Тыншщ икIи гурыIуэгъуэщ. Ауэ апхуэдэу хъун папщIэ, гъащIэр къызыIэпыпх балигъыр балигъыу щытын хуейщ, ин хъуа сабий къиину щымыту. «Вынд и шыр фIэдахэщ» псэущхьэ инстинктыр фIылъагъукъым - жэм лъакъуэм шкIэр имыукIыныр мащIэIуэщ шкIэм и дежкIэ. ЦIыхур шкIэкъым. Мысыр щIэныгъэлI Мутэуэлли Шэхьрауи гурыIуэгъуэу топсэлъыхь мы Iуэхум: «Псэущхьэхэр багъуэм зэфIэкIащ. ЦIыхур унагъуэм щапIын хуейщ, адэ-анэм - Iэпкълъэпкъыр къезытам - яхуиIэ фIэлIыкIыр КъэзыгъэщIам деж игъэIэпхъуэу фIэщхъуныгъэ зыхищIэфын папщIэ».

ФIылъагъур чэмыху, шынэм хохъуэ: зи хабзэхэр мыIупщI дунейм ущызыхъумэ къару закъуэр, псом нэхърэ нэхъ лъэщу уи нэгум щIэт адэм е анэм и гулъытэр Iэрымылъхьэмэ, аракъэ *гу жьей (мы гушхуа)* жыхуаIэр. Мыр ин хъуа нэужь, фIыуэ плъагъукIэ пхуригъэкъужыркъым, лъагъуныгъэм и IэфIыр текIуэныгъэу фIэкIа зыхищIэркъыми, фIыуэ къэзылъагъур ипэжыпIэкIэ илъагъуркъым, нэкIи гукIи ицIыхуркъым икIи къыгурыIуэркъым. КъыщIыгурымыIуэр ТемырщIакъуэ и щыкъу щIалэм хужиIам тохуэ: «ЗыкъыфIэщIыжын хьэл зэрыхэлъым гу лъыстакъым». ЗыкъыфIэщIыжыныр - адрейхэм епэгэкIын, абыхэм нэхърэ нэхъ лъагэу зылъытэжын, захуэмыгъэдэфын. Езым нэхъ лъагэу зибжыжу зыщIар сыт? Зэхуэдэныгъэм, абы и лъабжьэ - захуагъэм и щапхъэ узыншэ зэримыгъэунэхуам; и жагъуэ къэзыщIрей икIи фIыуэ илъагъу адэм е анэм зэрызапищIыжам. Гъусэуи къилъыхъуэр езым ещхькъым - зыкъуэмылIыкIын, къыдалъагъун, итIанэми зригъэдэIуэфын, иригъэкIуэтыфын.

Фыгъуэнэдым зэрихьэ лейм уздыхимылъэфэн, е зигъэтхьэмыщкIафэу хуэмыфащэ жэнэтым зрыуимыгъэшэн папщIэ хэкIыпIэ щыIэ? ЩыIэщ. Ар зи фIэщхъуныгъэр мыфэрыщI нэрыбгэу ущытынырщ. Фыгъуэнэдхэм япщ Iиблиси зыпэмылъэщынур хэтми жеIэ: «Уи пщылI гу къабзэхэм нэмыщI...». Ауэ хэт пщылI гу къабзэу зызымылъытэжыр?!

ГъэщIэгъуэнкъэ, фыгъуэнэдым хуэдэу зыхуейр зыIэрызыгъэхьэф щыIэкъым, ауэ щыхъукIэ, зыхуейр къезытыр цIыхухэм яхимыбжэу мэхъу. Щхьэ фIыщIэ имыщIрэ, щхьэ насыпыфIэ иримыхъурэ, фIыуэ ар хуэмылъагъурэ, цIыхуфI щIэмыхъукIрэ и хъуэпсапIэр - ар хъуэпсапIэ узыншэмэ - къызэрыIэрыхьам? Жэуапыр кIэщIщ: ар зыхуэныкъуэр зыхуейр къызытрих «иныжьратэкъым», абы IэщIэлъу къыIэщIигъэкIыфын гуэрт - мафIэ, ху жылэ, мылъку, пщIэ, сытми нартхэр къыщытхъуу езыри ин зыщIэхъукIын ехъулIэныгъэ. Ауэ псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, къыIэрыхьам хуеиххэтэкъым ар - хуейуэ къыфIэзыгъэщIар а зыщIэбанэм нэгъуэщIхэм я нэкIэ зэреплъарщ.

Тыкуэным бостей дахэ къашащ. Зы бостей закъуэ, хъыджэбзу къуажэм дэсыр ехъуапсэу. А бостейр сэкIунуми, схуэхъунуми, зэвми, кIэщIми сщIэркъым, ауэ псори зэрехъуапсэм нэгъуэщI сыхуэмеиж сещIри, тыкуэнтесым бгъэдыхьэн къызогъуэт, къуажэ хъыджэбзыр къызэхъуапсэу бостейр къыслъос, солажьэ... Сыхуейт а бостейм? Хэт сызыгъэбэлэрыгъар? Психолог цIэрыIуэ Фрейд Зигмунд щапхъэфI гуэр иIэщ апхуэдэ къыхэхыкIэ зиIэм ехьэлIауэ: мыбыхэм зыгуэр фIыуэ ялъагъун папщIэ ар нэгъуэщIым ирафыгъулIэн хуейщ. Зыгуэрым къытримыхар фIэIэфIкъым жыхуиIэщ. Мыбдежми аращ къэхъур: адрейхэр зэрехъуапсэращ бостейм уасэ хуэхъуар, армыхъумэ езым екIун-емыкIунракъым. Тыкуэным нэгъуэщI бостей Iэджэ къашащ иужькIэ, а къомым сыхэзыгъэкIыжа си бостеижьыр иджы слъагъу хъуркъым... Аращ къэхъур, фыгъуэнэдым зыхуейр къыIэрыхьэху. И хьэлым къыщыщIыр сыт жыпIэмэ, игу нэгъэсауэ зэрымызагъэм, зыхуейр къызэрыгурымыIуэжым ар дуней мыIупщIым, нэгъуэщIым и нэкIэ зэфIигъэувa дуней мыцIыхум тету егъэпсэу, адрейхэм я псэукIэр нэхъ зыхуигъэфащэу. Къаруушхэ узыщIращи, и гур зыгуэрым иримыкъутыхьауэ цIыху сурэтым иувэркъым. Зыхуейм гъуэгу тыншкIэ тезгъэIэбэнщ жыпIэмэ, епIуэкIыр къуиудэкIыжыну бзаджагъ хурокъу, жыпIэр зэхихын хуэдэу Iущыгъэ хурикъуркъым, дзыхь къызэрыпхуимыщIым къыхэкIыу.

Иджы мыр фIыуэ зылъагъуфын къыкъуэкIамэ, зихъуэжынт жыбоIэ. КъыкъуокI. Ауэ езыр фIыуэ къэзылъагъум акъылыншафэ иримыплъынкIэ Iэмал иIэкъым, сыту жыпIэмэ, фIыуэ лъагъуныр хуэпщылIыныгъэщ, пщыр (фIыуэ ялъагъуну къэзылэжьыр) езыращ, нэхъ лъагэр нэхъ лъахъшэм епэгэкIыну хуитщ, езыр зыпэмылъэщхэм зэрахущытым хуэдэу. Зэхуэдэныгъэр фыгъуэнэдым зэи имыдэн философиещ, аращ ар нэхъыбэм теплъэкIэ къахэпцIыхукIыфу щIыщытыр.

Фыгъуэнэдым фIыуэ укъилъагъуфынукъым, ауэ фIыуэ плъагъуну хуит уищIынкIи хъунущ, удэзэуэну узыхуигъэфащэмэ. ФIыщIэ щIахуэмыщI щхьэусыгъуэхэм ядэщIыгъущ фIы къыхуэзыщIэ цIыхур къыхуэмыгъэщхьэпэмэ, ар жагъуэгъуу къызэрилъытэр, унэрыс бий къызыхэкIри мыхэращ. ЦIыхухэм удалъагъуу удэныкъуэкъуэнумэ, ущытхъуу удэтынумэ, узбгъэдигъэхьэнущ. Мыбы, къытыдогъазэри, ипэжыпIэкIэ игу ирихьыр зыпэмылъэщ цIыхухэрщ, уэ удэIэпыкъуми, а бийр игу зэрырихьым хуэдэу зэи игу урихьынукъым. Абы щIехъуапсэри дигъуэри и Iэр иридзыхыу зэрызримыгъэукIырщ. «Абсурдщ», - жыпIэнщ. Бийр щIэбиижыр узытримыгъэкIуэнуракъэ? Iуэхум тхухэмыхь Iиблиси Алыхьталэр и фIэщ мэхъу: «Уи лъэщагъымкIэ соIуэ...» Сызэрылъэщыр уи фIэщ хъумэ, щхьэ си унафэр зэрызахуэм шэч къытепхьэрэ?! ЛъэщагъкIэ мыр зэджэр цIыхухэмрэ мелыIычхэмрэ Алыхьталэм хуаIэ фIэлIыкI нэрылъагъурщ, абыхэм гукIэ зыхащIэ фIэщхъуныгъэ шэчыншэракъым. Ауэ Iиблис лей зэрырамыхам и щыхьэту, а нэрылъагъур фIымрэ Iеймрэ Iэмалу зэдагуэш:

*«Игъэгъуэщэнури куэдынущ, иузэхунури куэдынущ (а зы щапхъэм)».*

Нэпсеиныр, быдэныр, фыгъуэныр зэпыщIауэ узищщ. «Хьэлэлым и гум фыгъуэ щыбгъуэтынукъым», - жаIэ. Аращ дин псоми сэдэкъэр щIагъэлъапIэр. «ФфIэфIым хэвмытыкIауэ фIэщхъуныгъэм и фIыр зыхэфщIэнукъым», - жеIэ тхылъ лъапIэм. Сытри уигу пымыкIыху уи ефIэкIуэныр нэгъэса хъуркъым. «Гум пыкIыным» мыбдежым къикIыр узыхуэныкъуэм зыхэбгъэкIыжынракъым, хьэмэ уи мылъкур бгуэшу факъырэу ухыхьэжынракъым: дунеягъэкIэ пхухиха хэхъуэмрэ хэщIымрэ нэгъуэщIым Iэрыхьэнкiэ Iэмал зэрыщымыIэххэр къыбгурызыгъаIуэ хуитыныгъэм нэхърэ нэхъ лъапIэ къыумылъыхъуэнырщ. А гупсысэм темыщIыхьа ехъулIэныгъэ псоми, гува-щIэхами, и зэран къокI. ФIэщхъуныгъэр зэрызыпцIыхужын Iэмалщ. «ЗызыцIыхужым и Тхьэри ецIыху», - жеIэ хьэдисым. ЦIыхум зэрыщымыт зищIреймэ, зыхуэмыныкъуэм щIэхъуэпсмэ, къыхуэмыщхьэпэнум хущIэкъумэ, ар тыншу къехъулIэркъым. Дызытепсэлъыхь фыгъуэнэдыр зыхэмыкI бэлыхьым и къежьапIэри и кIуэдыжыпIэри аращ. Мыбдеж щыгъэпщкIуащ дунеягъэкIэ япэу гугъэ зыхэпхыж хэкIыпIэр: укъызыхуигъэщIам утеIэбэныр плъапIэ къудейуэ къыпфIэщI щхьэкIэ, - пщэрылъщ. А пщэрылъыр плъапIэу къызэрыпфIэщIым ар гъэзэщIа зэрымыхъур зи ягъэ къомыкIын гуэру къыпщегъэхъу. Ауэ зыпцIыхужын къалэныр гъэзэщIа мыхъуху, КъурIэным нэхъыбэ дыдэрэ узыхуигъэсакъым укъыщохутэ: лей зыбохыж. Лей зэпхыжыху, «дунейм мыхъумыщIагъэ щызезыхьэхэм» уащыщщ, уи ехъулIэныгъэхэр уафэм щIэуэми, уи никъусаныгъэ хьэлэмэтхэр усакIуэхэм бдагъэщIэращIэми. «Псапэ къэзыхьыну хуейм и хьэлыр нэгъэса ирещI», - щIыжаIэри арагъэнщ.

**ЧЭРИМ** Марианнэ.



